

# KONPRANN FWOD RA

## Ki sa ki fwod RA ye?

Fwod Asistans Reyanplwa (RA) egziste se lè yon moun entansyonèlman bay fo enfòmasyon, oswa sere enfòmasyon, pou jwenn benefisj RA ke li pa tap janm kalifye pou yo.

## Egzanp Fwod Asistans Reyanplwa

- Bay fo enfòmasyon oswa sere enfòmasyon lè w ap aplike pou benefis RA
- Fè espre nan rapòte salè ki pa kòrèk oswa zewo
- Di ou kapab ak disponib pou travay, oswa aktivman ap chèche travay, epoutan se pa vre
- Pa rapòte TOUT lajan w fè pandan semèn kote w touche pou semèn nan epi w ap reklame benefis RA pou menm semèn nan
- Depoze yon reklamasyon sou non yon lòt moun, sou nimewo Sekirite Sosyal yon lot moun, oswa itilize enfòmasyon travay yon moun san li pa konnen oswa san konsantman l
- Depoze yon reklamasyon pou yon moun ki nan prizon

## Konsekans Fwod RA

*Fwod RA se yon enfraksyon grav kap jwenn gwo sanksyon.*



Pa egzanp:

- Ou pral oblije ranbouse tout peman benefis RA ou te resevwa yo, ansanm ak enterè ak lòt penalite obligatwa.
- Ou gendwa PA anmezi pou kolekte lòt benefis RA jiskaske dèt RA a fin ranbouse.
- Yo ka pran ranbousman taks federal ou pou peye dèt ou a.
- Eta a gendwa pouswiv ou nan lajistis epi, nan kèk ka, ou ka menm pran prizon

## NOU BEZWEN ÈD OU POU FRENEN FWOD RA!



Si w konnen oswa ou sispèk yon moun kap komèt fwod RA, tanpri kontakte nou!



Sou entènèt:

Mobile.CONNECT.MyFlorida.com



Rele liy dirèk kont Fwod RA a nan:

1-833-FL-APPLY (833-352-7759)

Pou plis enfòmasyon sou RA fwod  
ale sou [FloridaJobs.org](http://FloridaJobs.org).



FLORIDA DEPARTMENT of  
ECONOMIC OPPORTUNITY